



Règleman Asistans Finansyè - Rezime Nan Langaj Senp

Northwell Health gen yon Règleman Asistans Finansyè (Financial Assistance Policy, FAP) ki egziste pou bay pasyan ki kalifye yo, sèvis swen sante pou ijans oswa ki nesèsè pou rezon medikal nan lopital li yo ak nenpòt enstitisyon ki afilye ak li (selon definisyon IRS) ak rabè pasyèl oswa gratis nèt. Pasyan k ap chèche asistans finansyè yo dwe aplike pou pwogram nan, epi n ap bay yon rezime nan dokiman sa a.

Sèvis ki Kalifye - Jeneralman, FAP se pou sèvis sante ijan oswa ki nesèsè pou rezon medikal lopital Northwell Health, ak nenpòt enstitisyon ki afilye ak li (selon definisyon IRS) bay epi voye fakti pou yo.

Pasyan ki Kalifye – Jeneralman, pasyan ki nan zòn sèvis Northwell Health la, k ap resevwa sèvis ki kalifye yo, ki soumèt Aplikasyon Asistans Finansyè konplè ("Aplikasyon"), ki gen dokimantasyon/enfòmasyon ki apwopriye ladan, epi Northwell Health detèmine yo kalifye pou asistans finansyè.

Jan pou Aplike – Men kijan ou kapab jwenn/ranpli/soumèt yon demann pou FAP ak Fòm Aplikasyon pou li a:

- Nan chak biwo Enskripsyon biwo Saldijans lopital Northwell Health;
- Mande pou voye dokiman yo ba ou pa lapòs. Pou fè sa rele Depatman Asistans Finansyè Northwell Health la nan nimewo 1.800.995.5727;
- Mande dokiman pa lapòs/oswa vizite lopital la an pèsòn, gade lis la;
- Telechaje dokiman yo sou sitwèb Northwell Health la: www.northwell.edu/manage-your-care/financial-aid-programs;
- Voye yon Aplikasyon konplè (ak tout dokimantasyon/enfòmasyon nou mande nan enstriksyon aplikasyon an) bay depatman asistans finansyè a selon lopital ki ba ou sèvis yo, gade nan lis ki anba la a.

Pou Detèmine Yon Pasyan Kalifye Pou Asistans Finansyè – Jeneralman, Pasyan ki kalifye yo kapab resevwa asistans finansyè, selon yon echèl frè varyab, lè Revni Fanmi yo sou 500% Gid Pòvrete Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG) Gouvènman Federal la oswa li pi ba. Kalifikasyon Pou Asistans Finansyè vle di n ap garanti tout oswa yon pati nan swen Pasyan ki Kalifye a, epi yo p ap voye yon fakti ba li ki plis pase "Kantite Yo Faktire Jeneralman" (amount generally, billed, AGB) bay moun ki pa gen asirans (AGB, jan li defini nan Seksyon 501 (r) IRC Sèvis Revni Entèn nan). Nivo Asistans Finansyè, ki baze sèlman sou Revni Fanmi ak FPG, se:

- Revni Fanmi ki sou 0 a 100% FPG a Asistans Finansyè Konplè; \$0 oswa pi piti nivo pèyman an selon definisyon Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) di yo ka mande pasyan an peye.
- Revni Fanmi ki sou 101 a 500% FPG a Asistans Finansyè Pasyèl; Maksimòm yo ka mande pasyan an peye se AGB.

Nou kapab konsidere lòt kritè enpòtan an plis FPG a pou detèmine si yon moun kalifye (gade Règleman Asistans Finansyè a), ki kapab bay yon egzanpsyon pou sa ki mansyone anwo a. Depatman asistans finansyè Northwell Health la egzaminen aplikasyon moun soumèt ki konplè, epi li detèmine kalifikasyon pou asistans finansyè selon Règleman Asistans Finansyè a

N ap kontakte aplikan ki bay aplikasyon FAP ki pa konplè yo epi bay yo yon opòtinite pou yo bay dokimantasyon / enfòmasyon ki manke yo pou nou kapab deside si yo kalifye pou asistans finansyè.

Epitou Northwell Health tradwi Règleman Asistans Finansyè li a, Aplikasyon pou Asistans Finansyè li a, ak Rezime nan Langaj Senp sou Asistans Finansyè li a nan lòt lang kote lang prensipal rezidan nan kominote Northwell Health desèvi yo reprezante pi piti 5 pousan oswa 1,000 moun nan popilasyon an ki gen anpil chans pou ale nan yon sant Northwell Health. W ap jwenn vèsyon ki tradwi yo depi ou mande an pèsòn nan adrès ki pi ba a; ak sou sitwèb Northwell Health la.

Pou èd, asistans, oswa kesyon tanpri ale vizite: yon biwo enskripsyon prensipal oswa biwo Saldijans yon lopital Northwell Health nan sit la; adrès ki pa sou sit yo nan lis ki anba a an pèsòn, lendi jiska vandredi ant 9:00 AM ak 5:00 PM. Ou kapab jwenn yon konseye finansye nan telefòn nan nimewo 1-800-995-5727.

Inite Asistans Finansyè Northwell Health bay sèvis etablisman sa yo:North Shore University Hospital, Long Island Jewish Medical Center, Cohen Children's Medical Center, The Zucker Hillside Hospital, Huntington Hospital, Lenox Hill Hospital, Manhattan Eye, Ear and Throat Hospital, Staten Island University Hospital, Franklin Hospital, Forest Hills Hospital, Glen Cove Hospital, Plainview Hospital, Southside Hospital ak Syosset Hospital.

Northwell Health
Inite Asistans Finansyè
35 Pinelawn Road
Melville, NY 11747-9001
Telefòn: 1.800.995.5727

Adrès Postal:
Northwell Health
Inite Asistans Finansyè
PO Box 9001
Melville, NY 11747-9001
Adrès entènèt :
www.northshorelij.com/manage-your-care/financial-aid-programs/financial-assistance-program;

Northern Westchester Hospital
Depatman Kont Pasyan
400 East Main Street
Mount Kisco, NY 10549-1096
Telefòn: 914.666.1512
Adrès entènèt: www.nwhc.net/for-patients-and-visitors/financial-assistance

Phelps Memorial Hospital Center
Konsèy Finansye
701 North Broadway
Sleepy Hollow, NY 10591-1096
Telefòn: 914.366.3133
Imèl: billing@pmhc.us
Adrès entènèt: www.phelpshospital.org/patient-visitor-info/billing/

Peconic Bay Medical Center
Kowòdonatè Asistans Finansyè
1300 Roanoke Avenue
Riverhead, NY 11901
Telefòn: 631.548.6099
Adrès entènèt: www.pbmchealth.org/medical-centers-and-services/peconic-bay-medical-center/billing/